ISSN 0207-6551



АБРОКЪУЭ Беллэ

# ГЪАТХЭ ПАСЭ

Ди школ пщlантlэм дэт псеишхуэм
Ткlуэ щlэтт зы Уэскlурий.
Зигъэщхъауэ хужь щабэшхуэм,
Іэпэхъ цlырхъыу, хъурт хъыбий.

Псыхьэлыгъуэу щlэж уэс ткlужым
Гъатхэ дыгъэр тегушхуат.
Жыхапхъапэмкlэ уэс хужьым
Уэскlурийм мыр тритхат:

«Фэ схуефтыж пэгуныр Матlэ,
Си пэпхъ папцlэр – Хьэутий.
Мы жыхапхъэр – пхъэнкlэф Тlатlэ...
...Уарэ! Поху си уэс lэдийр...

Щlэвмыгъэкl фи нэпс, гуп махуэ,
Дыгъэр фэ фымыгъэбий.
Къэсыжынкъэ ди щlымахуэр,
Фытхъэжынкъэ».
*Уэскlурий.*

***

Гъатхэ пщащэ жейбащхъуэнэр
Жьакlэху дадэ къегъэуш.
Хьэбэр хуежьыр Жьыбгъэ-нанэ,
Бзухэр дахэм хуотхьэгъуш...

Гъатхэ пщащэ кlэ баринэр
Уэшх-уэс лъагъуэмкlэ мэущ...
Дыгъэ-мамэ а гъыринэм
Нэпсыр бзийкlэ хуегъэгъущ.

Мыл щыгъэхур и lэпэпхъыу
Ар Уэсщауэм кlэлъокlий.
Ажэгъуэмэкlэ къехъуэхъуу
Мо lуткlукlым зыхуеший.




Сур. МЭМБЭТ Пётр





# СИ НАНЭ

Сэ си нанэ и цIэр Асящ,
Адыгэбзэкlэ lэсиятщ.
Къызэубзэурэ сегъасэ,
Ар гу щабэщ, берычэтщ.

ГуфIэу сэ къыспежьэ нанэ
IэфIу, пщтыру сигъэшхэнщ.
Е, зэхихмэ сыгъынанэу,
Нэм сыхуихьу сигъэтхъэнщ.

Ныбжьэгъу пэжу сиIэ нанэ
Дауи, сэ сригъэфIэнщ!
Псэр зыщIатым хуэдэ нанэ
ЗиIэ псори дыхъуэхъуэнщ:

– Къахурепс я дыгъэр гуапэу,
Я гур гуфIэу щрырет.
Берычэту, хьэщIэ кIуапIэу
Дунейм куэдрэ трырет!

***МЭКЪУАУЭ Беллэ,***
Кенжэ къу., 20-нэ еджапIэ,
3-нэ кл.

# Зэшыпхъуищ

*Тэтэр таурыхъ*

Щыlащ-псэуащ зы фыз гуэр. Ар жэщи махуи лажьэрт, и пхъуищыр игъэшхэн, ихуэпэн папщlэ.

Арати, хъыджэбзхэр къэжэпхъащ, я нэкlум мазэгъуэ нурыр кърихрэ езыхэр пцlащхъуэм хуэдэу жыджэрхэу. Балигъ хъуа зэшыпхъухэр лlы дэкlуэри ежьэжащ.

Илъэс зыбжанэ докl. Фызыжьыр сымаджэ хьэлъэ къыщыхъум, ипхъухэм хъыбар яригъэщlэну кlэпхъ джэмыдэ* цlыкlур егъакlуэ.

Абы къыхуихьа хъыбарыр зэрызэхихыу, шыпхъу нэхъыжьыр хощэтыкlри, жеlэ:

– Сынэкlуэнщ, ауэ мы таситlыр иджыпсту сымылъэщlынкlэ lэмал иlэкъым.

– Таситlыр слъэщlын хуейщ, жыпlа? – къогубжь кlэпхъыр. – Атlэ, гъащlэу къыпхуэнар ухь а таситlым уакlэрыпхауэ!

А тэлайм таситlри къыщылъэтри шыпхъу нэхъыжьым и лъакъуэм къыщыщlэдзауэ и щхьэм нэс зыкъэрашэкlащ.

Кlэпхъ цlыкlур ежьэжри шыпхъу курытым и бжэм теуlуащ.

– Тхьэ, иджыпсту си анэм и деж сынэсынтэмэ, жармыкlэм** схьыну щэкlыр зэlусщэн хуейщ армыхъумэ.

– Зэlущэ-тlэ упсэуху, зэпыу уимыlэу зэlущэ! – жиlащ кlэпхъ къэгубжьам.

Арати, шыпхъу курытри бэдж хъуащ.

Кlэпхъыр и унэбжэм къыщытеуlуам, шыпхъу нэхъыщlэр хупцlынэ ипщу щытт. Зы псалъи жимыlэу, и lитlыр итхьэщlыжыху зимыlэжьэу, ар щlэпхъуэри кlуэжащ и анэм деж.

– Упсэуху цlыхур бгъэгуфlэу, уегуэпэкlыу дунейм тхьэм утригъэт, си тlасэ, – жиlащ кlэпхъым. – Уэри, уи бынри, уи быным я бынэжри цlыхум фlыуэ къалъагъун тхьэм фищl!..

Кlэпхъым и хъуэхъур шыпхъу нэхъыщlэм лъысащ. Илъэс lэджэкlэ псэуащ ар псоми фlыуэ къалъагъуу. И лlэгъуэр къыщысми – бжьэ дыщафэ цlыкlу хъуауэ дунейм къытенащ.

А бжьэ цlыкlум гъэмахуэ псом зы махуэ къэмынэу цlыхухэм фо яхузэхуехьэс. Аращ абы и фlалъэ цlыкlуитlыр хупцlынэ lэфlым щlыхэмыкlыр.

Щlымахуэ хужьышхуэр къэсу псори щызэщlигъэдиеми, бжьэ цlыкlур без хуабэм щожей, къэушмэ – форэ фошыгъурэ ишхыу.

*Цlыкlухэ, анэм нэхъ лъапlэ щыlэкъым. Фи анэхэр фхъумэ!*

Зэзыдзэкlар: ***НАЛО Заур***
Сурэтыр: ***БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Заурбэч***

* Джэмыдэ – кхъуэщыныфэ.
** Жармыкlэ – сату щащl бэзэр – *ярмарка.*



БОРЫКЪУЕЙ Жаннэ

# АДЫГЭБЗЭМ И ПШЫНАЛЪЭ

I-хьэрфым Iэпэм зрегъэщхь,
I-м IэпщIэлъапщIэм захуегъэщхъ,-
МыIэпэ задэу зигъэсащ,
I-м IэпэIэсэу зигъэIуащ.







Лъэпэд мастэ ЛЪ-м IэщIэлъщ,
Лъэпэд лъыгъым хуабэ щIэлъщ:
«Сакъ,- жи,- щIыIэ къоуэкIынщ,
Пыхусыху жагъуэм уиукIынщ».

Е-мрэ Ё-мрэ зэшыпхъуитIщ,
А тIур зэтIолъхуэныкъуитIщ.
Ё-Iущыцэм тхылъ итхащ,
Мес, нэгъуджэри хуатхащ.







Ь-хьэрфыр IукIэ пхуэгъэIун?
...Е, бжэр бжэкъуншэу пхуIухын?
Мыр ещхьщи бжэкъуу дызыхуейм,
Ар зыщIыгъу хьэрфхэми дахуейщ.



Ху

Ху нэкIу фэхур лэжьэрейщ,
Ар гу хуабэщ, жиIэрейщ:
– ФыхэIэбэ си ху нэдым,
Сыфхуэхъунщ сэбэп сэ куэдым.

Х-р бжыхь хадэм къыхэсхащ,
Баш цIыкIуитIу зэблэсхащ.
Хамэ бжыхь семыIуса,
ХадэхэкI сымыута.

Х





Хь

Хь-м хьэндырабгъуэзу къелъэтыхь,
Илъагъу псори зэпеплъыхь.
Хьэрэмыжь йощакIуэ хъыкIэ,
Iэрыубыд хуэмыщI ар зэкIэ.

Iу-р мастэ-Iуданэщ,
ЗылъэIусыр – гъуанэщ.
ЗэгуеIулIэ, зэгуедэж,
Зыр едытэ, зыр едыж.

Iу






Ъ

Ъ-хъупым ещхь макъыншэ хьэрф
Пэжьыгъэшхуэ елэжьыф.
Ар хьэрф куэдым хуохъу я гуэгъу,
Ар хьэрф куэдым я псэлъэгъущ.

# МЫВЭЦIЭХЭР ЗЫДОГЪАЩIЭ!

**Бдзырыбдз** – чертов палец
**Гуплъ, гъуэплъ, мэржан** – рубин
**Жэмбыдзгъэгъу** – обсидиан
**Купрауз, мыващхъуэ** – медный купорос
**Мэзыш мывэ** – янтарь
**МывапцIэ** – диорит
**Мывэджей** – большой скальный или речной камень
**Мывэдзахъэбэ** – габбро
**Мывэдзэхъ** – андезит
**МывэкIэщхъ** – гравий
**Мывэкъэб** – туф, пемза
**Мывэпэж** – речной камень-голыш
**Мывэсэху** – известняк
**МывэупцIэ** – оселок, точ. камень
**МывэщхъуапцIэ** – малахит
**Мывэщхъуэху** – кварцит
**Налкъут, жынж** – жемчуг
**Налкъут удзыфэ** – изумруд
**Гъуэплъ налкъут** – диоптаз
**Налкъут щIыху** – сапфир
**Налмэс** – алмаз
**Пшахъуэмывэ** – песчаник
**Уафэрыху-насыпмывэ** – бирюза
**Мывэху** – слюда
**Пкъыщжа** – минерал
**Пшахъуащхьэ** – серый песчаник
**Скъар** – мрамор
**ФIамыщIыщхъуэ** – бурый уголь
**Щтауч** – кремень – гранит
**Джэдуунэ** – кошачий глаз



***Мывэхэр къэвгъуэт, я цIэр зэвгъащIэ. Фигу ивубыдэ.***



Зыгъэхьэзырар ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэ***

# «НУР» журналыр илъэс 35-рэ ирокъу

Нэгъабэ лъандэрэ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм Іэ традзэ «Нурым».

Илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм къыдэкІа журналхэр яхуедгъэшащ Германием, Швейцарием, Израилым, Тыркум щыпсэу адыгэ сабийхэм. Мы сурэтхэм ифлъагъуэхэр абы ящыщщ, а цІыкІухэр адыгэ дунейм зэрыхыхьэр яІыгъ журналхэмкІэщ. ФІыщІэ худощІ Дюссельдорф къалэ щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ТЕМЫРКЪАН Заур.**



ТАМБИЙ Нэсрэн.
Швейцарие, Цюрих къ.



ХЬЭЖЛЫКІ Емре, ЛО Илкер.
Германие, Нюрнберг къ.



КЪУМУКЪУ Симарэ.
Швейцарие, Цюрих къ.



ХЬЭЖБАРЭХЭ Дунейрэ Нартрэ.
Германие, Кёльн къ.



ТАМБИЙ Бэдин.
Швейцарие, Цюрих къ.




ШЭШЭН Алинэ.
Германие, Нюрнберг къ.



ЧЕВИК Абдуллах.
Германие, Фюрт къ.




КЪУМУКЪУ Бэбынэ.
Швейцарие, Цюрих къ.




ЭБЕС Абрек.
Германие, Нюрнберг къ.

Фи сурэтхэр къеагъэхь мы адресхэмкIэ: **abrokue@mail.ru, eleeva.milana@yandex.ru**

Зэбгъащ|эр |эщ|агъэщи, умыщ|эр |эф|щ

# Гуащэ псысэ







*Ди республикэр зэрыгушхуэ сурэтыщ| |эзэхэу* **АККИЗОВЭХЭ Якъубрэ Сия-рэрэ** *япхъу* **Имарэ** *адэ-анэм я «дуней щхъуэк|эплъык|эм» гуащэ ц|ыгъыу хы-хьащ... езым и |эк|э ищ|ыжауэ. А гуащэм нэгъуэщ| гуащэ гъусэ хуэхъуащ, а т|ум – ещанэ... Ауэрэ, Имарэ езым къигъэщ|ыжащ гуащэ псысэ дуней. Абы и гуащэ тхьэ-|ухудхэр |эрыщ|у, къызэрыгуэк| хьэпшыпхэм къыхэщ|ык|ауэ пщ|энкъым, ат|э псэ я|уту къопсэлъэн уф|ощ|.*

*И насыпкъэ апхуэдэ |эзагъэ зи|эм!*

*Пщащэ |эп|эсэхэ, фэри гуащэ фщ|ы-ну фыхъуэпса? Зэвгъэщ|эну фыхуей? Имарэ къыдэгуэшэнущ а |эщ|агъэм и щэхухэмк|э. Псэущхьэ ц|ык|ук|э зыбгъэсэну нэхъ тынщи, тхьэк|умэк|ыхь зэращ|ым феплъ.*

**А. Б.**



1



2



3



4

Тхылъымпӏэпс цӏуу пӏащӏэ, хьэкум папщӏэ къагъэсэбэпым хуэдэ (фольга), къывощтэри фоушкӏумпӏ *(сур. 1)*. Ӏыхьитӏ ивощӏыкӏ: Ӏэпкълъэпкъым ейр нэхъ ину, щхьэм ейр нэхъ цӏыкӏуу *(сур. 2)*. Пластикэкӏэ еджэу *(сур. 3)*, езыр пластилиным хуэдэу Ӏэтӏэлъатӏэу, ауэ жа нэужькӏэ быдэ хъурэ икӏи псынщӏабзэу, сурэтыщӏ тыкуэнхэм («Незнайка») щащэ. Ар вгъэхьэзыра Ӏыхьитӏми – Ӏэпкълъэпкъымрэ щхьэмрэ – тыволъхьэри, фызыхуей щытыкӏэм иту къыхывоӏущӏыкӏ *(сур. 4)*. Апхуэдэ дыдэу фызыхуеину псори: Ӏэр, тхьэкӏумитӏыр, иӏыгъынур щхьэхуэ-щхьэхуэу фогъэхьэзырри *(сур. 5)* зэпкърыволъхьэж. И нэр, и пэр, и Ӏупэр, и нэкӏур фолэж, фогъэдэхэжри – тхьэкӏумэкӏыхьыр хьэзыр мэхъу *(сур. 6)*.

Тхылъымпӏэ Ӏув къывощтэ (картон), щхьэгъубжэр къывогъэж, ПВА шхэпскӏэ унэ цӏыкӏур зэкӏэрывогъапщӏэри *(сур. 7)* фызэрыхуейуэ вгъэщӏэращӏэу фолэж. Абдеж тхьэкӏумэкӏыхьыр къыӏувогъэтӏысхьэжри – хьэзыр хъуащ!

*Цӏыкӏухэ, Сыт хуэдэ таурыхъым хэта тхьэкӏумэкӏыхь мы сурэтым фигу къигъэкӏыр, губзыгъэ нэкӏу хъужауэ?*

*Нэгъуджэ Ӏулъу фи нэгу къыщӏэвгъэхьэт.*

Зыгъэхьэзырар
***АККИЗОВЭ Имарэ***

5



6



7



8



**ЦIЫКIУХЭ, мы сурэтым сыт хуэдиз цIыжьдадэ (синица) ифлъагъуэрэ? Къэвбж. Уафэр, жыг къудамэхэр, бзу къуэлэн цIыкIухэр я плъыфэхэмкIэ влэж.**



«Мульт и мир» журналым къытхащ

# КЪЭЩІЭРЕЙ

**1.** Псалъэзэблэдзым ит хь хьэрфыр тегъэщIапIэ фщIыи итын хуей псалъэхэр ифтхэж, ищIагъымкIэ къыщыхьа таблицэм итхэм къахэфхыурэ.




Псалъэзэблэдзым итын хуей псалъэхэм гуп къэс псалъэ лей зырыз ядэщIыгъущ. Къыхэфхын хуейхэм фегупсыс!

| хьэрфищ хъу псалъэхэр | хьэрфиплI хъу псалъэхэр | хьэрфитху хъу псалъэхэр |
|---|---|---|
| хьэт | бжыхь | щыхьэт |
| тыхь | пхьэхь | дыхьэгъ |
| щыхь | пщIыхь | шыхьыж |
| сыхь | хьэнж | сыхьэт |
| хьэщ | хьэлъэ | сыхьэн |
| | хьэлэ | |
| | пшыхь | |
| | хьэсэ | |
| | хьэфэ | |

**2.** Сыт хуэдэ псалъэхэр лей хъуа? Ифтхэ ахэр мыбдеж.

**3.** **СЫХЬ** псалъэм и мыхьэнэхэр къафщIэ.



НУР ЦIЫКIУРАШ


Фи лэжьыгъэхэр евгъэхь мы электроннэ адресымкIэ: masirat-bekanova@mail.ru

Зыгъэхьэзырар
*БЕКЪАН Масирэт*




**ПщащэгъафIэ махуэшхуэ – Мартым и 8**

*Налшык. Прогимназие № 34, 3-нэ «А» кл.*

*Ежемесячный журнал для детей «Нур»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 3 2017 г.

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерный набор и вёрстка
**И. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР

Подписано к печати
15.03.2017 г.
Выход в свет 30.03.2017 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Minion Pro, Times New Roman, beer money, ПF
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3045 экз.
Заказ № 54
Индекс 73912
**Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 11,64 руб.; за 6 мес.– 69,84 руб.**

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: **42-17-53, 42-75-30**
**nur46@mail.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР – Медиа».
Дом печати.

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета